

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data jeung bahasan dina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun hal-hal saperti ieu di handap.

5.1.1 Kamampuh Biantara Siswa SMA Pasundan 3 Bandung Kelas XI Patalina jeung Aspék Kabasaan

- a. Kamampuh biantara dina hal nerangkeun pokok pedaran siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ngabogaan kamampuh anu luhur (rata-rata peunteun 4,5). Hartina, siswa kasebut dina hal biantara hususna ngeunaan nerangkeun pokok pedaran ngabogaan kamampuh anu luhur pisan.
- b. Kamampuh biantara siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI dina hal wirahma nyarita kaasup kana kritéria sedeng kalawan rata-rata peunteun 3,9..
- c. Kamampuh biantara siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI dina hal intonasi kaasup kana kritéria sedeng kalawan rata-rata peunteun 3,7.
- d. Kamampuh biantara dina hal volume sora siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ngabogaan kamampuh anu luhur (rata-rata peunteun 3,7). Hartina, siswa kasebut dina hal

biantara hususna ngeunaan volume sora ngabogaan kamampuh anu sedeng.

- e. Kamampuh biantara dina hal milih kecap siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ngabogaan kamampuh anu sedeng (rata-rata peunteun 3,8). Hartina, siswa kasebut dina hal biantara hususna ngeunaan milih kecap ngabogaan kamampuh anu sedeng.
- f. Kamampuh biantara siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI dina hal ragam basa kaasup kana kritéria sedeng kalawan rata-rata peunteun 3,8.
- g. Kamampuh biantara dina hal struktur kalimah siswa SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI ngabogaan kamampuh anu sedeng (rata-rata peunteun 3,7). Hartina, siswa kasebut dina hal biantara hususna ngeunaan struktur kalimah ngabogaan kamampuh anu sedeng.

5.1.2 Kamampuh Biantara Siswa SMA Pasundan 3 Bandung Kelas XI Patalina jeun Aspék Nonkabasaan

- a. Kamampuh biantara siswa patalina jeung kawani atawa sumanget ngabogaan kamampuh anu luhur kalayan rata-rata peunteun 4,5.
- b. Kamampuh biantara siswa patalina jeung kalancaran nyarita ngabogaan kamampuh anu sedeng kalayan rata-rata peunteun 3,7.

- c. Kamampuh biantara siswa patalina jeung katatagan nyarita ngabogaan kamampuh anu sedeng kalayan rata-rata peunteun 3,9.
- d. Kamampuh biantara siswa patalina jeung mimik jeung sikep ngabogaan kamampuh anu sedeng kalayan rata-rata peunteun 3,7.
- e. Kamampuh biantara siswa patalina jeung panalaran ngabogaan kamampuh anu sedeng kalayan rata-rata peunteun 3,8.
- f. Kamampuh biantara siswa patalina jeung ngawasa topik ngabogaan kamampuh anu luhur kalayan rata-rata peunteun 4,2.

5.2 Saran

5.2.1 Pikeun guru basa Sunda

- a. Paraguru basa Sunda kudu parigel dina nangtukeun bahan pangajaran nyarita nu aya hubunganana jeung kurikulum, dipiharep hasil pangajaran nyarita hususna pangajaran pragmatik leuwih hadé. Upama ngagunakeun buku anu alus, bakal leuwih hadé dilengkepan ku buku panglengkep anu nyokong kana kgiatan nyarita sangkan kahéngkéran-kahéngkéran anu karandapan bisa kaungkulan.
- b. Paraguru salaku salahaji anu miboga tanggungjawab dina widang atikan dipiharep bisa ngaronjatkeun karep siswa sarta numuwuhkwun karep siswa kana diajar basa Sunda, hususna dina pangajaran nyarita nya éta ku cara:
 - 1) Ngayakeun pasanggiri nulis naskah biantara dilingkungan sakola;

- 2) Ngayakeun pasanggiri biantara basa Sunda antar siswa dina kelompok anu tangtu.
- c. Pikeun para guru basa Sunda ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun ngadeudeul sarta nyarungsum bahan pangajaran pragmatik hususna biantara di SMA Pasundan.

5.2.2 Pikeun para panalungtik séjénna

- a. Para panalungtik dipiharep bisa nambahana jumlah sampél sangkan leuwih loba ditilik tina tingkat strata kelas atawa lokasi kelas pararéI unggal sakola sacara proporsional sangkan dina nangtukeun hiji kaputusan bisa leuwih nyugemakeun.
- b. Para panalungtik séjénna ngayakeun panalungtikan sateruna di sakola anu béda pikeun nyieun hiji babandingan kana variabéI-variabel anu ditalungtik kalayan maksud ngukur kamampuh nyarita siswa-siswa SMA Pasundan anu aya di Bandung anu saterusna bisa ditarik hiji kaputusan anu ilmiah.